


SUTJIPTO ADI - ST. NEGORO

POKOK UJI
BAHASA DAERAH
(LIMAN KRUI)

KANGGE:

KELAS 1 SMP



yudhistira



~~TH~~ wisam

15/285.
11

POKOK UJI
BAHASA DAERAH
(BASA JAWI)

1

1

THE UNIVERSITY OF CHICAGO
LIBRARY

UNIVERSITY OF CHICAGO PRESS

POKOK UJI
BAHASA DAERAH
(Basa Jawi)

1

KANGGE: SMP KELAS 1

SUTJIPTO ADI
ST. NEGORO

penerbit **yudhistira**

penerbitan - percetakan - tokobuku



Jl. Pramuka Raya 4, tel. 884814 - 883842, Jakarta Timur

Toko Buku GHALIA INDONESIA:

Pusat Perdagangan Senen Blok I Lantai IV No.27,28,29 tel.357382

Toko Buku YUDHISTIRA:

Pusat Perdagangan Senen Blok I Lantai IV No. 16

Cabang-cabang:

JAKARTA : Jl. Pramuka Raya 4 tel. 884814 - 883842
SURABAYA : Jl. M.H. Thamrin 55 tel. 69026
BANDUNG : Jl. Cikaso 38, Cicadas tel. 73933
YOGYA : Jl. Bumijo Tengah 74A tel. 4874
SEMARANG : Jl. Kauman Butulan 138 tel. 26230

Penyalur tunggal buku terbitan:

Penerbit BALAI AKSARA - Penerbit YUDHISTIRA

dan

Pustaka SAADIYAH

CETAKAN PERTAMA JANUARI 1982
RENCANA KULIT SATRIO
DICETAK DAN DITERBITKAN OLEH YUDHISTIRA
COPYRIGHT PADA YUDHISTIRA
HAK PENGARANG DILINDUNGI UNDANG-UNDANG


ATUR SAKLIMAH

S aking kumedahing manah kula
U run-urun nggampilaken piwulang Basa Jawi
C awe-cawe ngimpun soal kangge Evaluasi
I ngkang sinebat "POKOK UJI BASA JAWI".
P urih gampiling para siswa anggenipun samya amemetri
T rampil, baut lan leres anggenipun abasa sastra.
A ndadosna kawuningan bilih dhapukan punika
A namung dhedhasar kangge anggegladhi.
D humateng para siswa-siswi ing Pawiyatan Madya
I ngkang jumbuh kaliyan Pandom Kurikulum 1975.
G BPP saha buku cepengan ingkang baken.
A wasta Mardi Basa lan Sastra
N yinau Basa lan sastra Jawi ugi
D alasan Basa Jawi Gagrag Anyar lan wulang basa
A wit saking punika dhapukan kaperang dados tigang jilid.
S upados gampil anggenipun samya nyinau
U mpami ta kirang ing prayogi
L epyan, kekirangan saha kalepatan kula
I ngkang kula suwun namung sih pangaksami.

Parakan, 1981


Pangimpun,

(Sutjipto Adi)



DAFTAR ISI

Atur Saklimah	5
Evaluasi I	9
Evaluasi II	13
Evaluasi III	17
Evaluasi IV	21
Evaluasi V	26
Evaluasi VI	30
Evaluasi VII	35
Evaluasi VIII	39
Evaluasi IX	43
Evaluasi X	47
Pandom Wangsulan	53



EVALUASI I

I. Bunderana a, b, c utawa d sing koanggep bener!

1. Kumpulane aksara sing mujudake swara sakecapan diarani:
 a. wanda b. wod c. tembung d. ukara
2. Rerangkening wanda kang wis mengku teges genep diarani:
a. ukara b. tembung c. wod d. wanda
3. Piranti kanggo sesrawungan antarane manungsa siji lan sijine diarani:
 a. basa b. ukara c. tembung d. wanda
4. Am, an, ang, any diarani ater-ater:
 a. hanuswara b. triswara c. tripurusa d. seselan
5. Tembung kang durung owah saka asale diarani tembung:
 a. lingga b. wanda
c. wod d. tembung andhahan
6. Gadhah cacad ingkang salaminipun gesang boten saged mantun:
a. Anak anung anindita b. Mbindhung api rowang
 c. Ciri wanci lelahi ginawa mati d. Emban cindhe emban siladan
7. Ngaku sedulur yen katon sugih.
a. kadang kadeyan b. kadang katut
 c. kadang konang d. kadang sentana
8. Mbidhung api rowang tegese:
 a. ethok-ethok mbantu nanging sejatine mungsuh
b. tumbak cucukan utawa seneng adu-adu
c. anak kang linuwih prasasat tanpa cacad
d. loma banget nganti uripe kecingkrangan
9. Sing diarani ater-ater tripurusa iku:
 a. dak, ko, di b. am, an, ang, any
c. sa, pa, pi, pari, tar d. ka, kuma, kapi
10. Nalika embah rawuh, bapak saweg kemawon badhe mapan sare. Ukara iku bisa diowahi nganggo ukara sing katulis nganggo basa ngoko andhap:

- a. Nalika embah teka bapak lagi bae arep mapan sare
 b. Nalika embah teka bapak lagi bae arep mapan turu
 c. Nalika embah rawuh bapak lagi bae arep mapan sare
 d. Nalika embah rawuh bapak lagi bae arep mapan turu
11. Pak Mantri ngagem kaca tingal cemeng amargi peningalipun gerah.
 Owahana dadi ukara sing katulis nganggo basa ngoko lugu!
 a. Pak Mantri ngagem kaca tingal ireng, amarga peningale gerah
 b. Pak Mantri nganggo kaca mata ireng amarga peningale lara.
 c. Pak Mantri nganggo kaca mata ireng amarga mripate lara.
 d. Pak Mantri ngagem kacatingal ireng amarga mripate lara.
12. Manut wujud basa bisa kaperang dadi:
 a. 2 b. 3 c. 4 d. 5
13. Manut undha usuke basa bisa kaperang dadi:
 a. 2 b. 7 c. 8 d. 9
14. Basa krama madya iku wujud campuran antarane:
 a. ngoko lan krama inggil b. krama inggil lan krama
 c. ngoko lan krama d. ngoko andhap lan ngoko lugu
15. Ukara ing ngisor iki katulis nganggo basa krama madya:
 a. O, ngono kuwi ta dadine. Ora ngira aku.
 b. Yu, gawa mriki berase niku taktempure.
 c. Wonten ing dhusun tokonipun kalebet ageng.
 d. Para rawuh, kaparenga lajeng sami jumeneng sawatawis.
16. Ukara ing ngisor iki katulis nganggo basa krama desa:
 a. Aku tansah ndherek ngendikane bapak.
 b. Aku tansah manut omongane bapak.
 c. Kula tansah ndherek ngendikanipun bapak.
 d. Dhateng Temanggel tumbas roti mantun.
17. Ukara ing ngisor iki katulis nganggo basa kedhatonan (basa bagongan):
 a. Mugi katur dhumateng Bapak Rakhmad Suwanto ing Gondosuli.
 b. Kecepengipun gegayuhan kedah sarana setiyar.
 c. Hana ta diyu si Gupala ngaraniya.
 d. Manira sun piji ing ngarsa kita, mboya arsa kita paring duka.
18. Putranipun Pak Pamuji kalih istri sadaya, dipun wastani:
 a. kedhana-kedhini b. uger-uger lawang
 c. saka panggung d. kembang sepasang
19. Lare tiga jaler sadaya kakang adhi, kawastanan:

IV. Pitakon-pitakon ing ngisor iki wangsulana!

1. Terangna bedane tembung wod lan tembung lingga! Wenehana tuladhane nyiji!
2. Ngrimbag yaiku!
3. Terangna tegese mbindhung api rowang!
4. Owahana nganggo basa ngoko andhap!
"Kula cocok pak, ngendikanipun bapak punika"
5. Ukara no. 4 iku owahana nganggo basa ngoko lugu!
6. Ukara no. 4 iku owahana nganggo basa krama inggil!
7. Terangna tegese tawang gantungan!
8. Terangna tegese bocah julung kembang!
9. Perkara sepele dadi gedhe lan mbebayani. Diparibasakake apa?
10. Sebutna seselan kang tinemu ing Basa Jawa! (4).

V. Nulis Jawa

Tulisen nganggo aksara Jawa!

- | | |
|-----------------------|-------------------|
| 1. Harya Panangsang | 6. Temanggung |
| 2. Ki Ageng Gajahsora | 7. Teguh Purwadi |
| 3. Ki Juru Mertani | 8. Kutha Semarang |
| 4. Sang Harjuna | 9. lenga tala |
| 5. Rebo Pon | 10. pager gedheg |

EVALUASI II

I. Bunderana a, b, c utawa d sing koanggep bener!

1. Tembung siji sing diwaca kaping pindho kabeh tembunge utawa mung sawanda, diarani tembung:
a. lingga ~~b. rangkep~~ c. camboran d. andhahan
2. Bengkek-bengkek, manut wujud kagolong tembung:
~~a. dwilingga~~ b. dwipurwa
c. dwiwasana d. dwilingga salin swara
3. "Pangapunten" manut wujud kagolong tembung:
~~a. andhahan~~ b. lingga c. rangkep d. camboran
4. Cekakak lan celili kagolong tembung rangkep:
~~a. dwiwasana~~ b. dwipurwa
c. dwilingga d. dwilingga salin swara
5. "Sasampunipun" bisa karimbag dadi:
~~a. sa-sampun-ipun~~ b. sasampun-ipun
c. sa-sam-pun-ipun d. sa-sampuni-pun
6. Purwadi ndhaftaraken wonten kalih panggenan. Ukara iki kadadeyan saka:
a. 5 wanda ~~b. 14 wanda~~ c. 39 wanda d. 1 wanda
7. Tuladhane tembung saroja umpamane:
a. dawa cendhak ~~b. andhap asor~~
c. wira-wiri d. arga = gunung = ardi = meru
8. Rinten ndalu mboten kendhat anggenipun nyenyuwun nugrahaning pangeran. Nyenyuwun kagolong tembung:
a. dwilingga ~~b. dwipurwa~~
c. dwiwasana d. kabeh jawaban bener
9. Emban cindhe emban siladan tegese:
a. adil ~~b. ora adil~~
c. tulung menthung d. ora ngira
10. Wong tuwa kang tansah nyekarep pepenginane anak nanging tansah ora kendhat aweh pitutur.

- a. ing ngarsa sung tuladha b. ing madya mangun karsa
~~c. tut wuri handayani~~ d. suci tata ngesti tunggal
11. Tetulung marang sapadane sing tanpa pamrih:
 a. tulung menthung b. njunjung ngentebage
~~c. sepi ing pamrih rame ing gawe~~ d. keplok ora tombok
12. Aja kandha yen ora saguh utawa ora bisa..... lakonana dhisik!
 a. kebat kliwat b. ing ngarsa sung tuladha
 c. sepi ing pamrih rame ing gawe ~~d. kalah cacak menang cacak~~
13. Ukara ing ngisor iki katulis nganggo basa ngoko andhap:
 a. Bapak sakit padharan, dhahare kedah sarwa alus.
~~b. Bapak gerah padharan, dhahare kudu sarwi alus.~~
 c. Bapak gerah padharan, dhahare kedah sarwi alus.
 d. Bapak lara weteng, mangane kudu sarwa alus.
14. Ukara no. 13 d iku katulis nganggo basa:
 a. krama madya b. wredha krama
~~c. ngoko lugu~~ d. ngoko andhap
15. Ukara no. 13 b iku katulis nganggo basa:
 a. krama madya b. wredha krama
 c. ngoko lugu ~~d. ngoko andhap~~
16. Ukara nugrahaning Pangeran ingkang murbeng dumadi. Katulis nganggo basa:
 a. basa kawi b. krama inggil
 c. basa rinangga d. basa kedhatonan
17. Kang nggawa aksara Jawa menyang Nusantara yaiku:
 a. Kamandaka ~~b. Ajisaka~~
 c. Empu Wijaya d. Empu Prapanca
18. "Wignya" iku tandha sesigag kanggo aksara:
~~a. ha~~ b. nga c. ra d. na
19. Rerangken dasanama ing ngisor iki sing bener mung siji, tuduhna!
 a. anak = putra = sudarma = sunu
 b. anak = siwi = atmaja = atma = palupi
 c. anak = suta = yoga = siwi = retina
~~d. anak = tanaya = yoga = siwi = sunu~~
20. Dasanama ing ngisor iki ana sing salah tuduhna:
 a. gunung = arga = ardi = bukita = meru
 b. gunung = meru = redi = ancala = giri

- c. gunung = giri = harga = prabata = hardi
 d. gunung = dahana = arga = redi = wukir

II. Jodhokna "A" lan "B" sing koanggep cocok!

KOLEM A

1. sesambat
2. gojag-gajeg c
3. pendadaran
4. cenganguk
5. katula-tula katali
6. nyolong pethek
7. duga prayoga
8. prapteng = prapta + ing a
9. cecak
10. taling tarung b.
11. Ajisaka r
12. dewa-dewi s
13. nugraha k
14. taberi o
15. subasita q

KOLEM B

- a. tambung garba utawa sandhi
- b. tandha swara "O"
- c. cilaka terus-terusan
- d. dwipurwa
- e. dwilingga salin swara
- f. dwiwasana
- g. wanda
- h. ora ngira
- i. tambung andhahan
- j. tembung saroja
- k. ganjaran
- l. sigeg "nga"
- m. sigeg "ra"
- n. tandha swara "e"
- o. tlaten
- p. dawa tangane
- q. sopan santun
- r. aksara Jawa
- s. Yogyaswara

III. Titik-titik ing ngisor iki isenana supaya dadi tembung saroja!

- | | |
|------------------------------|-------------------------------|
| 1. kadang setana | 6. lara lara |
| 2. sanak | 7. teguh santosa |
| 3. duga kira | 8. sayuk |
| 4. angkara murka | 9. Sumbang |
| 5. papa cintraka | 10. iguh pratikel |

IV. Garbanen!

Tuladha: prapteng = prapta + ing.

- | | |
|--------------------|-----------------------|
| 1. narpati = | 6. prameswari = |
| 2. jayeng = | 7. kapindra = |

- | | | | | | |
|-------------|---|-------|---------------|---|-------|
| 3. yeku | = | | 8. lagyantuk | = | |
| 4. narendra | = | | 9. sarwendah | = | |
| 5. murbeng | = | | 10. jalwestri | = | |

Jawaben!

1. Terangna tegese tembung saroja!
2. Terangna tegese tembung garba utawa sandhi!
3. Terangna tegese tembung yogyaswara! Wenehana tuladhane. (4)
4. Terangna tegese tembung dwilingga salinswara!
5. Terangna bedane tembung dwipurwa lan tembung dwiwasana!

V. Nulis Jawa

Tulisen nganggo aksara Jawa!

- a. sing sapa salah seleh
- b. ing ngarsa sung tuladha
- c. sapa bener dadi tetenger
- d. ana catur mungkur
- e. catur wanara rukem

EVALUASI III

I. Bunderana a, b, c utawa d sing koanggep bener!

1. Tembung lingga kang oleh ater-ater hanuswara nanging tanpa penambang diarani tembung:
 - a. tanduk kriya wantah
 - b. tanduk ke kriya
 - c. tanduk i kriya
 - d. tanggap tripurusa
2. "mulang" manut wujud diarani tembung:
 - a. tanduk kriya wantah
 - b. tanduk ke kriya
 - c. tanduk i kriya
 - d. tanggap tripurusa
3. Purwadi kapilih dados ketua kelas. Kapilih kagolong tembung:
 - a. tanggap ka
 - b. tanggap na
 - c. tanggap tarung
 - d. tanggap tripurusa
4. "dipun pilihaken" = tembung:
 - a. tanggap pratama purusa kriya wantah
 - b. tanggap madyama purusa kriya wantah
 - c. tanggap utama purusa kriya wantah
 - d. tanggap na kriya wantah
5. "ditukokake" bisa karimbag dadi:
 - a. di + tuku + ake
 - b. di + tukok + ake
 - c. di + tukon + ake
 - d. di + tuku + ake
6. "kombul" nduweni dasanama:
 - a. diuculake
 - b. dikabur
 - c. diunggahake
 - d. kawenthar
7. "mubra-mubru" iku tegese:
 - a. boros
 - b. tanpa guna
 - c. sarwa cumpen
 - d. turah-turah
8. Andi punika lare ingkang pramila kajen keringan lan dipun tresnani kanca-kancanipun.
 - a. andhap asor
 - b. praadhah
 - c. ugungan
 - d. angkuh lan kumalungkung
9. Tono punika lare..... seneng damel paeka murih seng-saranipun tiyang sanes.

II. Jodhokna kolek "A" lan "B" sing koanggep cocok!

KOLEM A

1. dados murid SMP
2. ingkang andum amara
3. Andang ngaturake layang
4. layange wis ditapakasmani
5. putra Madukara
6. Purwadi lan Atik Wahyuni
7. katampi
8. ingimbu
9. oyak-ingoyak
10. suru bebek lan jakanantang
11. kuping = kaku njepiping
12. Anoman malumpat sampun
13. am + bali + ake
14. murid-murid
15. lembah manah

KOLEM B

- a. ukara tanggap
- b. para ing wacan Mardi Basa
- c. sesirah wacan Mardi Basa wul. II
- d. tanggap na
- e. tanggap na
- f. tanggap tripurusa
- g. tanduk kriya wantah
- h. Gusti Allah
- i. tanggap tarung
- j. ukara tanduk
- k. tanduk ke kriya
- l. R. Wisanggeni
- m. dwilingga
- n. camboran tunggal
- o. dwilingga salinswara
- p. yogyaswara
- q. tembung saroja
- r. kerata basa
- s. baliswara

III. Titik-titik ing ngisor iki isenana!

1. Tembung..... iku wujud tembung lingga kang oleh ater-ater tripurusa, seselan in, utawa ater-ater ka.
2. Tuladhane tembung..... upamane katulis, katetepake lan kawisuda.
3. Mbakyu Rubiyah punika lare ingkang..... senajan boten gadhah nanging seneng weweh.
4. Sakalangkung premati kangge nggayuh kasampurnaning gesang. Premati ateges
5. Tembung ingulu bisa karimbag dadi
6. Jenengpara tegese
7. Tembung loro utawa luwih sing karangkep dadi siji diarani tembung
8. Tandur = nata karo mundur. Iku tuladhane kerata basa utawa

9. Siji dicekak ji, bapak diundang pak. Nyekak tembung kang kaya mangkono iku diarani
10. Camboran kanthi rerangken kang nyimpang saka Determinatif diarani....., tuladhane Panduputra, Mahasiswa, Saptakrida lan sakpiturute.

Pitakon-pitakon ing ngisor iki wangsulana!

1. Owahana supaya dadi ukara tanggap (pasif)!
 - a. Aku arep ndherekake simbah menyang Solo.
 - b. Pak guru mriksani gambaranku karo ngendika: "Andi, gambarmu apik."
2. Udhalen manut ayahaning tembung!
 - a. Paman nandur kembang ing pot.
 - b. Andung ditimbali bu guru menyang kantor guru.
3. Terangna tegese tembung tanduk lan sebutan warna-warnane tembung tanduk!
4. Apa sebabe "ingombe" diarani tambung tanggap na?
5. Wenehana tuladhane jarwadhosok! (5)
6. Terangna tegese baliswara. Wenehana tuladhane siji bae kang awujud ukara.
7. Sebutna apa bae sing klebu ing tanggap tripurusa?
8. Sebutna apa bae sing klebu ing tanggap tripurusa?
9. Terangna tegese tembung camboran!
10. Terangna bedane tembung camboran tunggal lan canboran wudar! Wenehana tuladhane! (2)

V. Nulis Jawa

Tulisen nganggo aksara Jawa!

1. Suci tata naga tunggil.
2. Suharti karo Mukadi tuku kuwih cara.
3. Rikala dina Rebo Legi Tono tuku wedhus.
4. Anang sinau maca Arab.
5. Adhine Subali lara weteng.

EVALUASI IV

I. Bunderana a, b, c utawa d sing koanggep bener!

1. Saben tanggal 21 April murid-murid padha mengeti dina Ibu Kartini. Pengetan =
 - a. kadaluwarsa
 - b. tanggap warsa
 - c. sapta kukila warsa
 - d. warsa enggal
2. Narendra ing Mahespati ajejuluk sang Maha Prabu:
 - a. Matswapati
 - b. Arjuna Sasra Bahu
 - c. Duryudana
 - d. Salyopati
3. Swarane rame banget. Bisa dicandra:
 - a. kaya gabah den interi
 - b. kaya mbelah-belaha bumi
 - c. pindha sasra cantuka warsa
 - d. kakehan gludhug kurang udan
4. Candrane wong nginum kaping pitu unine:
 - a. sapta guna wiweka
 - b. sapta sura panggah
 - c. sapta kukila warsa
 - d. sapta sacara-cara
5. Tembung "sinudharsana" ateges:
 - a. dipahargya
 - b. tinuladha
 - c. diwisuda
 - d. diumumake
6. Ibu Kartini iku wanita kang utama. Dasanamane wanita yaiku:
 - a. siwi
 - b. rini
 - c. kusuma
 - d. padma
7. Udan tangis lan lunyu ilate kagolong tuladha tembung:
 - a. saroja
 - b. yogyaswara
 - c. entar
 - d. garba
8. Susila iku bocah....., babar pisan ora tau nesu.
 - a. lendhep dengkule
 - b. pingget atine
 - c. lobok atine
 - d. lunyu atine
9. Sing padha rondha padha dolanan halma kena kanggo:
 - a. metani lupute wong
 - b. latihan sabar
 - c. cegak lek
 - d. ngabangake kuping
10. Inggang..... dhusun Danukusuman punika Ki Ageng Danukusuma.
 - a. damel
 - b. miwiti
 - c. cikal bakal
 - d. wiwitan

II. Jodhokna "A" lan "B" sing koanggep bener!

KOLEM A

1. dadi kembang lambe
2. kajunjung
3. aksara mandhaswara "ya"
4. hanuswara + linga + i
5. lingga + V in
6. sikil meja
7. paripurna
8. Pembayune Kurawa
9. Panenggak Pendhawa
10. Soekarno putra
11. raseksa-raseksi
12. ngimbu tape
13. Denawa kang hambeg utama
14. darma bakti
15. kasinungan

KOLEM B

- a. pengkal
- b. rampung
- c. Prabu Suyudana
- d. Tanggap na
- e. tanggap tripurusa
- f. lelabuhan
- g. kadunungan
- h. R. Bratasena
- i. Camboran wudhar
- j. rura basa
- k. tanduk i kriya
- l. tanggap i kriya
- m. tanggap ka
- n. Dwilingga salinswara
- o. tembung entar
- p. Kombakarna
- q. Dasamuka
- r. baliswara
- s. Paribasan

III. Titik-titik ing ngisor iki isenana!

1. Tembung sinudarsana bisa karimbag dadi
2. Manut pangrimbage tembung kasebut no. 1 diarani tembung
3. Dene tegese sinudarsana =
4. Tembung tinulad sinudarsana. Manut pangrakite diarani tembung
5. Sing ngati-ati lho! panggedhemu kae....., bisa-bisa kowe dipecat.
6. R. Munasir iku senengane wong liya, nanging ora sumurup marang lupute dhewe.
7. Rembuge Kiswo iku aja banget digugu amarga dheweke wis kawentar
8. Prabu Sri Bathara Kresna iku..... watak kang waskita lan sekti mandraguna.

9. Tuladhane tembung..... umpamane "salami-laminipun".
10. Mardi Basa iku buku basa Jawa anggitanane..... lan Mugiono BA.

IV. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!


1. Saben tanggal pira bangsa Indonesia mengeti dina Ibu Kartini?
2. Apa wajibe bangsa Indonesia marang lelabuhane Ibu Kartini?
3. "Ibu Kartini arsa njunjung martabating kaum wanita". Ukara iki dadekna tanggap!
4. Ukara kasebut no. 3 iku dadekna ukara kang mengku surasa pitakon!
5. Ukara kasebut no. 3 iku tuduhna endi jejer, wasesa lan lesane!
6. Gaweya pitakonan kang wangsulane kaya ing ngisor iki:
 - a. Titihane bapak kae Yamaha dudu Honda.
 - b. Wis kira-kira sepuluh dina Mukadi ora tau mlebu sekolah.
7. Terangna tegese kalawarti!
8. Kalawarti ing ngisor iki edhisi kutha ngendi?
 - a. Mekarsari
 - b. Parikesit.
9. Sebutna siji bae salah sawijine kalawarti edisi:
 - a. Surabaya
 - b. Jakarta.
10. Terangna tegese tembung plutan! Wenehana tuladhane 2 (loro) bae!

V. Nulis Jawa

a. Tulisen nganggo aksara Jawa!

1. Arya Penangsang gugur dening Danang Sutawijaya.
2. Prabu Karna perang mungsuh sang Premadi.
3. Dasamuka iku narendra ing Ngalengka Diraja.
4. Pergiwa karo Pergiwati padha ngupadi sudarma.
5. Perang brubuh iku perang kang soroh amuk.

b. Salinana nganggo aksara Latin!

1. 

EVALUASI V

I. Bunderana a, b, c utawa d sing koanggep bener!

1. Nyumerepi lan mireng pisambatipun para prajurit ingkang sami tiwas kenging ing manahipun R. Abimanyu kados dipun iris-iris.
 - a. padamelan
 - b. sinau damel
 - c. andum damel
 - d. dedamel
2. R. Abimanyu iku satriya ing
 - a. Pancawati
 - b. Dwarawati
 - c. Plangkawati
 - d. Jodhipati
3. Ing perang Baratayudha R. Abimanyu gugur kinrocok ing jemparing kanti tatu:
 - a. anteng kitiran
 - b. arang kranjang
 - c. udan mimis
 - d. biru erem
4. Tembung anteng kitiran lan arang kranjang iku tuladha ukara kang ngemu surasa:
 - a. pralambang
 - b. bebasan
 - c. panyandra
 - d. sanepa
5. Pungkasane gugur ing madyaning palagan ana ing tangane:
 - a. Prabu Karna
 - b. Resi Bhisma
 - c. R. Jayadrata
 - d. Resi Durna
6. Cariyos Bratayuda ingkang nggancaraken cariyos Abimanyu gugur punika, kaprah dipun wastani:
 - a. ranjapan
 - b. tawur
 - c. jabelan
 - d. suluhan
7. Tembung madyaning palagan uga diarani:
 - a. lekas perang
 - b. tengahing paprangan
 - c. bubar perang
 - d. nantang perang
8. Anggenipun nagih wangsul nglenthung mboten:
 - a. angsal damel
 - b. medamel
 - c. nyambut damel
 - d. sinau damel
9. Kesed punika dipundamel saking sepet.

- a. ukara tanggap b. ukara tanduk c. kabeh bener d. kabeh luput
10. Kolahipun dipun iseni toya *sakebak-kebakipun*. Rangkepen ing ndhuwur mengku teges:
- a. nganti b. paling c. banget d. bola-bali
11. Ngoncati mungsuh ing paprangan:
- a. Tinggal glanggang colong playu.
b. Mbidhung api rowang.
c. Nggegalak racak nenangi kremi.
d. Tinggal kokoh.
12. Seneng nacad amarga duwe melik.
- a. dahwen ati open b. tulung menthung
c. nucuk ngiberake d. melik nggendhong lali
13. Pak Camat tindak niti, priksa wewengkone kang anyar.
- a. lelana b. mider-mider
c. njajah desa milang kori d. cangkrama
14. "Layange wis dakgawa". Ukara iki yen dadi ukara tanduk dadi:
- a. Layange wis digawa aku. b. Layange aku sing wis nggawa.
c. Layange aku sing nggawa. d. Aku wis nggawa layange.
15. Kalawarti Mekarsari iku kalawarti basa Jawa edhisi kutha:
- a. Solo b. Yogyakarta c. Semarang d. Surabaya
16. Ukara kasebut no. 15 iku manut lungguhing tembung ora nduweni:
- a. jejer b. wasesa c. lesan d. kabeh salah
17. Yen panggedhe kang tumindak kawula alit mung kari manut.
- a. Diculke sirahe, digendholi buntute.
b. Swarga nunut neraka katut.
c. Ameng-ameng nyawa.
d. Obah ngarep kobet mburi.
18. Dadi telik sandhi upayane mungsuh iku akeh bebayane. Mula banjur diparibasakake:
- a. Kaya endhog kecepit watu. b. Ngidak geni blubukan.
c. Ameng-ameng nyawa. d. Ancik-ancik pucuking eri.
19. Bebasan papat ing ngisor iki sing tegese nyimpang mung siji. Tuduhna!
- a. Kutuk marani sunduk. b. Ngidak geni blubukan.
c. Nguthik-uthik macan turu. d. Gajah ngidak rapah.
20. Bandha kang awujud kebo, sapi, jaran lan wedhus diarani bandha:
- a. raja kaya b. raja brana c. raja werdi d. raja mala

II. Jodhokna "A" lan "B" sing kok anggep mathuk!

KOLEM A

KOLEM B

- | | |
|-----------------------------------|---------------------|
| 1. larikan tembang | a. penabuh gamelan |
| 2. Mijil lan Kinanthi | b. kembang aren |
| 3. 12 u, 6 a, 8 i, 12 a | c. guru wilangan |
| 4. pupuh | d. guru gatra |
| 5. cacahing wanda ing tembang | e. tembang macapat |
| 6. Tibaning swara saben gatra | f. pada |
| 7. jlagra | g. homonim |
| 8. pradhangga | h. guru lagu |
| 9. waranggana | i. Pocung |
| 10. dangu | j. tukang gawe reca |
| 11. 7 u, 10 u, 12 i, 8 u, 8 o | k. paribasan |
| 12. jamuran | l. swarawati |
| 13. Ana catur mungkur | m. dasanama |
| 14. wedang = gawe kadang | n. cakepan |
| 15. sepet = a. rasa b. tepes | o. tukang kayu |
| | p. jarwadhosok |
| | q. kembang jambu |
| | r. tembang dolanan |
| | s. Gambuh |

IV. Gatekna tembang ing ngisor iki:

Salokane geni tan tedhas ing banyu
Yen murub muntab kang siji
Tanggapana manis arum
temah sirep dadi aris
wurung dadine padudon

Wacan kang awujud pethikan tembang ing ndhuwur iku wacanen batin, nuli titik-titik ing ngisor iki isenana!

1. Manut pathokan guru wilangan lan guru lagune pethikan ing ndhuwur iku tembang
2. Kadadayan saka pupuh.
3. Saben sapupuh ana gatra.
4. Gatra I kadhapuk saka guru wilangan.
5. Dhong-dhinge gatra ka II yaiku
6. Guru wilangan lan guru lagune gatra no. V yaiku
7. Pathokan guru wilangan lan guru lagune tembang kasebut yaiku

8. Tibaning swara saben larikan tembang diarani
9. Cacahing wanda ing tembang macapat diarani
10. Tulisen guru lagu lan guru wilangane tembang Gambuh. Jawab:

IV. Pitakon-pitakon ing ngisor iki wangsulana!

1. Tembang macapat ana warna 11. Sebutna!
2. Tembang macapat sing paling akeh gastrane iku tembang apa?
3. Tembang macapat sing gastrane paling sithik iku tembang apa?
4. Tulisen cakepane tembang Gambuh lan Mijil sing koapali, sapupuh bae!
5. Kajaba tembang macapat isih ana tembang jawa liyane sebutna! Lan wenehana tuladhane (2)!

Gaweya paribasan utawa bebasan nganggo tembung kang dikurung sing ateges:

1. Nututi barang sepele, kelangan barang sih luwih perlu. (uceng)
2. Njarag marang bebaya (gajah).
3. Wong kang kakehan ngelmu malah bisa kaya wong ora genep (kebak).
4. Duwe panjangka kang ora jumbuh karo kaanane (cagak).
5. Kelangan matumpa-tumpa (kebo).

V. Nulis Jawa:

Salinen nganggo aksara Latin!

1. (Ukulan) ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan
2. ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan
3. ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan
4. ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan
5. ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan ukulan

EVALUASI VI

I. Bunderan a, b, c utawa d sing koanggep bener!

1. Bratayuda punika misuwur sanget.
a. dongeng b. cariyos c. babad d. sejarah
2. Saking rukune nganti dipindhakake kaya:
a. banyu karo lenga b. merak kasampir
c. mimi lan mintuna d. jambe sinigar
3. Pundhake:
a. nggendhewa pinentang b. ngolan-olan
c. nraju mas d. nyengkir gadhing
4. Dupi uninga bilih R. Abimanyu gugur ing rananggana, R. Gathutkaca lajeng ngamuk dateng para kurawa, ingkang candra-nipun:
a. kaya gabah den interi b. bisa mutungna wesi gligen
c. wani ndilat wesi abang d. kaya bantheng ketaton
5. Pak Tjipto Adi iku isih timur, dedege pideksa dhasar ram-bute:
a. nela cendhani b. micis wutah
c. memak ngembang bakung d. tumenggung tawang.
6. Panyandra papat ing ngisor iki ana siji sing ora kena dienggo nyandra mripat:
a. blalak-blalak bawang sebungkul
b. angidhit ndamar kanginan
c. kocak lindri-lindri
d. tumengeng tawang
7. Ukara panyandra ing ngisor iki kanggo nyandra wong nesu:
a. imba tepung lir kupu tarung
b. tri kawula busana
c. kaya ketiban ndaru
d. kala menjing mungguh medhun

8. Rambut kang modhal-madhul ora dijungkati amarga lagi bar tangi turu dicandra:
 - a. kaya tuma kathok
 - b. kaya bidho angram
 - c. kaya asu manak
 - d. jambe sinigar
9. Cahyane nglayung kaya:
 - a. sikatan nyamber walang
 - b. kapuk diwusoni
 - c. rembulan karahinan
 - d. jambe sinigar
10. Candrane wong ngingum kaping 6 (nem):
 - a. sad guna wiweka
 - b. sapta kukila warsa
 - c. hasta sacara-cara
 - d. nawa gra lupa
11. Ganti papan ganti pranatan:
 - a. Desa mawa cara negara mawa tata.
 - b. Njajah desa milang kori.
 - c. Ana catur mungkur.
 - d. Ngemping lara nggenjah pati.
12. Wong kang digdaya sekti mandraguna diparibasakake:
 - a. Kadang kadeyan.
 - b. Kendhit mimang kadang dewa.
 - c. Kakehan gludhug kurang udan.
 - d. Wis kebak sundukane.
13. Perang Kembang iku mengku teges:
 - a. Perange satriya mungsuh buta.
 - b. Perang gagal.
 - c. Perang amuk-amukan.
 - d. Perange Pendhawa mungsuh Kurawa.
14. Perang BRATAYUDA iku perange Pendhawa mungsuh Kurawa kang dumadi ing:
 - a. Negara Wirasta
 - b. Negara Ngastina
 - c. Tegal Kurusetra
 - d. Alas Mertani
15. Pepuntoning manah Kurawa ginebag ing jurit. Ukara kasebut nduweni teges:
 - a. Wusanane Kurawa banjur dilurug ing perang.
 - b. Wusanane para Kurawa kalah perange.
 - c. Wusanane para Kurawa banjur nantang perang.
 - d. Wusanane para Kurawa banjur wedhi perang.
16. Pendhawa unggul yudane. Tegese:
 - a. kalah perang
 - b. menang perang
 - c. latihan perang
 - d. maju perang
17. Lare ingkang andhap..... punika purun ngawon lan

- pinter momong kanca pramila sugih mitra.
- a. asor b. alit c. inggil d. sanget
18. Anggenipun nyambut damel dipun rencangi ngantos nungsang:
a. sarik b. tunjang c. senggol d. jempalik
19. Embah rawuh paring eguh..... dhumateng bapak.
a. pakewuh b. pratikel c. sarira d. akal
20. Pandung punika saestu:
a. julig b. wasis c. pinter d. waskita

II. Jodhokna "A" lan "B" sing koanggep mathuk!

KOLEM A

1. Rakyat sampun mangertos de-
mokrasi ingkang dipuncakaken sarana Pemilu.
2. Menawi kirang siramanipun ron kuping ga-
jah punika lajeng
3. Yoyok punika..... ngrencangi ti-
yang sepuhipun. nata bale griya.
4. Aruji punika mrusal, boten nate.....
pituturipun tiyang sepuh.
5. Tiyang sepuh temtu..... dhuma-
teng tiyang sepuh.
6. Mireng sumbaring mengsah.....
kados jangkrik mambu kili.
7. Sinareng mangertos bilih baita Tampomas II
kobar lan badhe kelem para penumpang....
kados gabah den interi.
8. Inggang dados dutaning Pandhawa rikala
badhe tumapak perang Bratayuda punika .
9. Rikala semanten anggenipun tindak dhateng
negari Ngastina nitih rata..... ing-
kang dipun kusiri dening R. Setyaki.
10. Komsiyah lagi makani wedhus ing kan-
dhang.

KOLEM B

- a. ancasiipun
- b. sedyanipun
- c. eneripun
- a. pucet
- b. nglayung
- c. alum
- a. baut
- b. prigel
- c. trampil
- a. pitados
- b. nggega
- c. manut
- a. kepranan
- b. kasengsem
- c. tresna
- a. polahipun
- b. patrapipun
- c. tandangipun
- a. polahipun
- b. patrapipun
- c. tandangipun
- a. Prabu Kresna
- b. Gathutkaca
- c. Prabu Karna
- a. Wijayakusuma
- b. Jaladara
- c. Jitapsara
- a. JWJK
- b. JKWLK
- c. LWJK

III. Titik-titik iki isenana nganggo jawaban kang wis sumadya!

1. Ingkang dados dhadhakaning..... punika namung per-kawis arta sata.
2. yudanipun prajurit Jipang kaliyan Pajang ing gisiking Bengawan Solo.
3. Dewi Setyawati....., bela pejah sedanipun ingkang garwa Prabu Salyo.
4. Pinten Tangsen iku rupane kembar kaya
5. Sandhangane putih memplak kaya
6. Tiyang grapyak semanak lan luhur budenipun temtu kajen
8. Cariyos Bratayuda punika sampun kasumerepan ing akathah. Sampun kasumerepan ing akathah tegese
9. Manut ayahaning tembung. Tembung ing akathah diarani ...
10. Lakune baris bisa kacandra kaya

Jawaban:

- | | | |
|-------------------|---------------------|--------------------|
| a. misuwur | f. jambe sinigar | k. katrangan cacah |
| b. sela blekithi | g. gabah den interi | l. lesan |
| c. kapuk diwusoni | h. andharan lugu | m. manggala |
| d. pasulayan | i. suduk slira | n. dideleng |
| e. campuh | j. keringan | o. perang |

IV. a. Pitakon-pitakon ing ngisor iki jawaben!

1. Tulisen guru lagu lan guru wilangane tembang:
 - a. Megatruh
 - b. Kinanthi
 2. Coba aranana sawetara apa bae sing diarani gamelan! (10)
 3. Terangna tegese rurabasa! Wenehana tuladha 2 (loro) bae!
 4. Bebasan iki terangna tegese!
 - a. Anak anung anindita
 - b. Bapak kasulah anak kapolah
 5. Tuduhna jejer, wasesa, lesan lan katranganane:!
 - a. Lare-lare mirengaken dongengipun pak guru
 - b. Ibu Kartini nganggit buku "*Habis Gelap Terbitlah Terang*"
- b. Gaweya ukara nganggo tembung:**
6. Gliyak-gliyak waton tumindak
 7. Sing sapa salah seleh
 8. Wis kebak sundukane
 9. Kakehan gludhug kurang udan
 10. Kaya bumi karo langit

EVALUASI VII

I. Bunderana a, b, c utawa d sing koanggep bener!

1. Mas Yoyok kepengin ngleboni Angkatan Laut nanging bapak ibu ora:
a. marengake b. nglilani c. mangestoni d. mberkahi
2. Bapak..... dhuwit ibu arep kanggo mundhut madu asli.
a. nyaosi b. maringi c. ngaturi d. menehi
3. Surasane layange Dhik Andi kuwi..... supaya ibuke tindak Jakarta sasi Ruwah ngarep iki.
a. nyuwun b. mundhut c. ngaturi d. nglilani
4. Saya cedhak stasiun lakune sepur saya:
a. rindhik b. sendhet c. alon d. banter
5. Piyayi putri iku yen dandan..... banget.
a. tlendho b. alon c. nglemer d. rendhet
6. Sing..... atimu le, aja kemrungsung.
a. padhang b. sareh c. lejar d. lega
7. Yen gawe kakus miliha papan sing ora *adhakan diambah uwong*.
a. mbebayani b. kiwa c. nyumelangi d. muthawatiri
8. Bapak Pocung duwe tangan duwe gulu, uga duwe awak, ora duwe sirah sikil, saben dina si Pocung anguntal jalma. Tembang kasebut wujud cangkriman. Dene batangane:
a. rek jros b. klambi c. clana d. kupat
9. Tembang kasebut no. 8 kagolong tembang:
a. 4 pupuh b. 1 pupuh c. 2 pupuh d. 12 pupuh
10. Tembang kasebut no. 8 kagolong tembang:
a. Pocung b. Gambuh c. Mijil d. Megatruh
11. Bapak Pocung yen disawang adi luhung. Adi luhung ateges:
a. nengsemake b. ngresepake
c. edipeni d. nyenengake

12. Guru wilangan lan guru lagune tembang Pocung:
 a. 12u, 6a, 8l, 12a b. 12u, 6k, 8i, 12a
 c. 12u, 6a, 8i, 12a d. 12u, 6k, 8l, 12a
13. Manungsa urip iku prayogane kudu tansah nengenake ing kautaman. Tegese ka-an yaiku:
 a. panggonan b. kedhah c. kadunungan d. gawe
14. Saben dina si Pocung anguntal jalma. Dasanamane jalma:
 a. kewan b. endhog c. uwong d. nyawa
15. Sang Prabu bebisik sang Maha Prabu Anglingdarmo. Dasanamane bebisik:
 a. jejuluk b. tetenger c. peparab d. katelah
16. Sang Parta kasinungan nugraha ing Dewagung. Kasinungan nugraha ateges:
 a. diparingi b. dipangestoni
 c. diberkahi d. entuk ganjaran
17. "Pitik putih ngendhog ing segara getih = manggis". Cangkriman:
 a. tembang b. pepindhan c. wacahan d. blenderan
18. "Pakboletus = tepak kebo lele satus". Cangkriman:
 a. pepindhan b. tembang c. blenderan d. wacahan
19. Aksara-aksara ing ngisor iki yen dadi pasangan wujud ora owah:
 a. ra, ga, nga, ya b. tha, nya, ba, la
 c. ka, ta, sa, pa d. ha, na, ca, dha
20. Pasangan ing ngisor iki manggone jejjer karo aksara sing dipasangi, dadi ora ing ngisore.
 a. na, wa, ta b. sa, pa, ha c. nya, ya, ja d. ba, ja, da

